## Resous yo

**Sant Nasyonal pou Edikasyon Sanzabri**
Nimewo jeneral: 1-305-306-8495
imèl: NCHE.helpline@safalpartners.org
Orè: 9: 00 AM – 5: 30 PM Lè lès,
lendi jiska vandredi

**Kowalisyon Massachusetts pou sanzabri yo**
73 Buffum Street, Lynn, MA 01902
Biwo: 781-595-7570
Faks: 781-595-7574
Imèl: info@mahomeless.org
Sit wèb: http://www.mahomeless.org

**Project Bread**
Liy Dirèk Sous Manje a
Lendi-Vandredi 8AM-7PM, Samdi 10AM-2PM
1-800-645-8333, TTY 1-800-377-1292
liy dirèk projectbread.org/get-help/foodsource-hotline

**Asistans SNAP**
gettingfoodstamps.org

**Domestic Violence Programs**
SafeLink: 1-877-785-2020 (gratis)
SafeLink TTY: 1-877-521-2601
Liy Dirèk Nasyonal pou lit kont Vyolans Domestik: 1-800-799-SAFE (7233)

**National Sexual Assault Hotline**
1-800-656-HOPE (4673)

**Liy Dirèk Nasyonal pou lit kont Agresyon Seksyèl**
Pou enfòmasyon, referans, ak entèvansyon nan ka kriz, kontakte National Runaway Safeline nan 1-800-RUNAWAY (800-786-2929)



### Ajan Lyezon Sanzabri Distri a

Chak distri lekòl dwe deziyen yon ajan lyezon edikasyon sanzabri pou ede timoun ak jèn ki pa gen lojman ale lekòl.

**Non:**
**Nimewo Telefòn:**

## Kontakte Nou

781-338-3700

DESECompliance@mass.gov

---

Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education (Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts)
135 Santilli Highway,
Everett, MA 02149

dese

# Lwa McKinney-Vento sou Asistans nan Edikasyon pou Sanzabri



**Pwogram Edikasyon Timoun ak Jèn Sanzabri**

---

doe.mass.edu/sfs/mv/default.html

## Lwa McKinney-Vento a kouvri timoun ak jèn ki pa gen yon rezidans fiks, adekwa ak regilye lannwit, tankou viv...

- nan yon chèltè
- nan yon machin, otobis, oswa
- estasyon tren, yon bilding abandone, oswa kèk lòt kote ki pa apwopriye;
- oswa avèk lòt moun akòz pèt lojman, difikilte ekonomik, oswa rezon menm jan an (pataj lojman).

*Sa gen ladan jèn migran ak jèn ki pa akonpaye k ap viv nan youn nan sitiyasyon ki anwo yo.*

## Jèn ki pa akonpaye

Jèn ki pa nan gad fizik yon paran oswa yon responsab legal ak mank lojman fiks, regilye, ak adekwa gen tout dwa lòt elèv ki sanzabri yo genyen.

## Elèv Preskolè ki Sanzabri

Elèv preskolè k ap viv nan sitiyasyon sanzabri gen menm dwa ak lòt timoun sanzabri ak jèn yo.

**doe.mass.edu/sfs/mv/default.html**



## Tout timoun ki gen laj lekòl nan Massachusetts ka ale nan lekòl piblik gratis.

Elèv ki gen enstabilite lojman oswa ki sanzabri kapab:

- Kontinye ale nan lekòl yo te konn ale a (lekòl yo te ale lè yo te gen lojman pèmanan oswa dènye lekòl yo te enskri ladann lan), si se sa fanmi an prefere epi si li posib. Sou demann fanmi yo, yo ka resevwa transpò pou ale ak pou soti nan lekòl yo te konn ale a anvan an. imedyatman epi swiv kou yo –
- Oswa, enskri nan lekòl lokal la menm si elèv la pa gen dokiman ki jeneralman nesesè yo - pandan lekòl la ap kolekte dokiman ki nesesè yo. Yo ta bay transpò menm jan yo fè l pou lòt timoun nan distri a.
- Resevwa sèvis edikatif selon bezwen pitit ou a.
- Konteste desizyon distri a nan zafè enskripsyon.
- Aksè nan sèvis edikasyon espesyal si elèv la gen yon Pwogram Edikasyon Pèsonalize (IEP) kounye a.
- Patisipe nan tout aktivite lekòl ki disponib pou lòt elèv yo.
- Resevwa manje lekòl gratis.



## Sèvis yo

Elèv ki sanzabri yo dwe jwenn sèvis ak pwogram edikasyon ki konparab ak sa lòt elèv yo resevwa yo epi yo satisfè kritè elijiblite pou yo, tankou:

- Sèvis ak pwogram Tit 1;
- pwogram pou elèv ki gen andikap;
- pwogram pou elèv k ap aprann anglè;
- pwogram pwofesyonèl oswa teknik;
- pwogram pou elèv ki gen don ak talan, ak
- pwogram nitrisyon lekòl la.

**Asire enskripsyon, prezans, ak opòtinite reyisit nan lekòl pou timoun ak jèn sanzabri yo.**

**Aprann Plis** →
doe.mass.edu/sfs/mv/default.html